ISSN 0207-6551



## Сабиигъуэ. Гъэмахуэ. Тхъэжыгъуэ

А псалъищыр зэш пэлъытэщ. Абы къапывгъэувэ фэ фигу ирихь псалъэхэр. Дэ абы ядыщIыдгъуар жыгырщ. А къэкIыгъэ лъапIэу адыгэм фIыуэ илъэгъуам теухуа щIэщыгъуэ куэд мы къыдэкIыгъуэм тетщ. Гулъытэ нэхъ зылъыдгъэсыр кхъужьейрщ. Ди лъэпкъым езым и кхъужьей лIэужьыгъуэ къигъэхъуар пэж? А жыгыр щхьэ нэхъ игъэлъапIэрэ адыгэм? IуэрыIуатэми ди литературэми а жыгым пщIэ лей нэхъ щIыхуищIыр сыт? А упщIэхэм я жэуап къивгъуэтэнущ мы напэкIуэцIым.

### *Кхъужьейм нэхъ жыг лъапIэ адыгэм иIэкъым*

*«Кхъужьейр езыр-езыру къыщокI ди мэзхэм, и лъагагъыр метр 30-м нэсу. Абы апхуэдизкIэ дыгъэр фIыуэ елъагъури, и гъунэгъуу къэкI къызэрыгуэкI жыгхэр пыбупщIмэ, псынщIэу докIей, лъэщу зеубгъу, нэхъыбэрэ мэпсэу, пыт кхъужьри нэхъ мэбагъуэ. Аращ адыгэм къызэрыгуэкI мэзхэр кхъужьей мэз ящIу щIыщытар. Абы гъаблэм укъригъэлырт! Бжьыхьэм зы махуэ хахырти кхъужьышэ мэзым кIуэхэрт. Къащыпар пкIэунэм щагъэгъурти, щIымахуэм яшхырт.* ***Ар хьэжыгъэу зыхьэжу щIакхъуэу зыгъажьэу щытар ди лъэпкъым и закъуэщ.*** *Бий къатеуэрэ мэзым зыщагъэпщкIун хуей хъуами, мэз кхъужьырат цIыхур къезыгъэлыр!*

*Кхъужьым цIыхум и Iэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэ витамин куэд хэлъщ, IэфIщ, къэуатщ. Аращ кхъужьейр тхьэпэлъытэ къэкIыгъэу адыгэм ябжу, тхьэлъэIу хужаIэу, и пхъэр яфIэлъапIэу ижь-ижьыж зэман лъандэрэ къыщIекIуэкIыр».*

*Мылъкум ефIэкI хъугъуэфIыгъуэ.*
***Хьэкъун Барэсбий.***

### *Бжьыхьэ кхъужь*

*«Адыгэ лъэпкъым къигъэхъуащ дэнэ щIыпIи щыцIэрыIуэ бжьыхьэ кхъужьыр. Ар декабрь хъуху жыгым пытщ, къыпыпчыжми щIымахуэр икIыху щылъщ и IэфIыр щIэмыкIыу, псы куэд щIэту».*

### *Европей кхъужь Iэрысеймрэ адыгэм къигъэкIамрэ сыткIэ зэщхьэщыкIрэ?*

*«Алыджым къыщыкI мэз кхъужьеймрэ Балканым я уэскхъужьеймрэ зэхалъхьэри европей кхъужьIэрысейр къагъэхъуащ. А жыгым и пщIащэр бжьыхьэм и деж плъыжь мэхъу, адыгэ кхъужьIэрысейм ейр фIыцIафэщ, къызытехъукIа мэз кхъужьейм хуэдэу. ТIуми я ныбжьыр илъэс минищ мэхъу».*

*Академик* ***П. М. Жуковский.***





*Кхъужьейм ди адыгэ литературэр тотхыхь, хуоусэ, пьесэу ягъэлъагъуэ. Іуэрыlуатэм и фlыпlэу – «Кхъужьеижьым и гъыбзэ», «Пхъэм и пшыналъэ», «Дыкъуэнагъым и гъыбзэ» – сабийгъасэ телъыджэхэр-щэ?! Уасэ зимыlэ мылъкущ. Жыгыр ди лъэпкъым и псэм пещl.*

*Сэ си стlолыщхьэм тезмых тхылъхэм ящыщщ Хьэкъун Барэсбий и lэдакъэщlэкl «Мылъкум ефlэкl хъугъуэфlыгъуэхэр». Абы къызита гурыщlэхэм сагъэтха усэщ мыр.*

**Аброкъуэ Беллэ**

## КХЪУЖЬЕЙР МЭУСЭ

*Мэз кхъужьейми срижылэт,*
*Жылэу жыгым сыlэпыхут.*
*Щlым и гущlэм сызыхищlэт,*
*Щlыгулъ lэфlым сыкъыщыхъут…*

*Хъуэпсу силэр псэм къыпхыпсу,*
*Къуэпсыр си пкъыу сыкъыхэкlт,*
*Сызыгъэкlыр щlым и щlыфэу,*
*Сызыщlэфыр уэших lэфlыпст…*

*Мэз жыгыжьхэр щхьэхынафэт,*
*Фэ гъурыкlыу хэт кунэщlт,*
*Хэт и пщlащэр фэрэкl напэт,*
*Хэти гъурцу – пкъыцэ кlэщlт…*

*Сэ уэгу щlэншэм и гум сиплъэт,*
*Плъыржьэр дыгъэр си нэхъуейт,*
*Дэхъуу си пкъыр – сыхуэгъагъэт,*
*И бзий гъуэжьхэр си пкlэлъейт.*

*Лъэсми шуми сратыгъэт,*
*Тlыгъуа кхъужькlэ сыкъулейт!*
*Лей зытехьэ си жыг гуэгъухэр*
*Ираупщlэм – сыдэкlейрт.*

*Блэкlми, блэжми, lэплlэтесми*
*Яlурытклуэу кхъужь фоупс,*
*Щтапlэ исми, бгъуэщlагъ щlэсми,*
*Уэгъуми, гъейми срalуст…*

*Жыгыу щыlэм срагуащэт,*
*Гуащэу щыlэм сралейт,*
*Тхьэлъэlупlэр сэ си жьауэт,*
*Тхьэпэлъытэу – Сыкхъужьейт!..*

*…Мэз кхъужьейр иджы lэрысэ*
*lэпэlэсэм сыдэхъуащ.*
*Хади пщlантlи сыщыхасэу*
*Кхъужьlэрысэу сыкъэсащ!*

ШЫПШ Залинэ

# Мэлыхъуэ баш

*А пхъэр къызыхахыр хьэмкIутIей (боярышник) жыгырщ.*
*Къэхъуа хъыбар.*



Дадэ ТIутIэ бжьахъуэт. Гъатхэ хъуамэ, е губгъуэм, е мэз лъапэм бжьэхэр щигъэхъурт. Арщыдан мэзыр щIыпIэ дахэу, къуажэми пэгъунэгъуу къыхихри абы пщыIэ щызэриIулIат. А пщыIэр унэ хъуащ, итIанэ гуэщ цIыкIу, бо, джэдэщ щаухуэри, дадэрэ нанэрэ гъэ псор щрахыу хъуащ мэзым.

Зэкъуэш бынхэу Мухьэрбий, Мурат, Исуф, Алим, Iэминат, Iэсият, сэ, – ди гъэмахуэр абы щыдгъакIуэрт. Сыту IэфIт майм щIахуа фор, нанэ и лэкъум пщтырхэр, шху-мэжаджэр! Нанэ дигъэшхэну къэджамэ, дызэрыгъэпIащIэу дыкъэсти, «къакъэ-пщIыпщIу» дызэхэст. Дадэрэ нанэрэ я жьэгум нэхъ хуабэ щыIэу сщIэркъым.

Мэзым ущызэшынт? Мы, кхъужь цIыкIу, пщIий, мэзыдэ къэтщыпырт, псы IутщIэрт, гъуэрыгъуапщкIуэ дыджэгурт, ди IэкIэ тщIыжа пщыIэм дыщытхъэрт. Ар жыыми уэшхми едмыгъэкъутэу зетхьэрт. МэзщIэж псы цIыкIум къыщыдубыда бдзэжьейхэр дэп мафIэкIэ гъэжьауэ щытшхкIэ ди лIыгъэм къыхэхъуэрт!

Дадэрэ нанэрэ сытым хуэдэу дгъэгуфIэрэт! Муратрэ Мухьэрбийрэ пхъэ якъутэрт, Исуфрэ Алимрэ псы къахьт, дэри дыпхъанкIэрт, дытхьэщIэрт. Псоми пхъэ къутар зэтетлъхьэжырт. Iэщ гъэхъунми, фо щIэхунми хэлэжьыхьырт ди щIалэ цIыкIухэр.

Уджэгуа, улэжьа иужь мэз унэ щIыIэтыIэри сыту бэлыхьт! УнэкIуэцIитI хъурти, хуиту дыщIэхуэрт, ауэ псоми хьэкъыу тщIэрт дадэ и гъуэлъыпIэм уекIуалIэ зэрымыхъунур. ДитIысхьэн къэгъэнауэ, дыжьэхэмыуэу дыблэкIырт. Абы и мэлыхъуэ башми деIусэ зэрымыхъунур тщIэрт. Ауэ…

Зэгуэрым, гуэщым псори дыщызэхэсу, мэл-бжэнхэр IукIауэ къыщытлъагъум: «Мобыхэм къевгъэгъазэ, мэзым щIыхьэмэ кIуэдынщ»,– жиIащ дадэ. Псори дыщIэпхъуащ. Сыщыблэжым, стIол кIапэм егъэкъуауэ щыт мэлыхъуэ башыр къэспхъуэтащ. Мэлхэм къедгъэгъэазэри псыежэхымкIэ дунэтIащ. Мэлыхъуэ башыр сIэщIэлъти, «мызэм ягъэ кIынкъым, быдэу сIыгъынщ», – сигукIэ жысIэри сакIэлъыжащ.

Уэшх нэужь псыр утхъуат, уэру губжьат, ухыхьэ хъунутэкъым. Сыт тщIэнт, псы Iуфэм дыIутурэ дыкъохыж: «Хэт нэхъ мывэшхуэ химыдзэрэ, нэхъ жыжьэу имыдзрэ», – жытIэу

дызэпеуэу. Жыг къэуа псым щхьэщылъу дыкърохьэлIэ. «Фынеуэ, мы пхъэм дытету адрей лъэныкъуэмкIэ дызэпрывгъэкI», – къыхелъхьэ Мурат. ЗэкIэлъхьэужьу щIалIэ цIыкIухэр йокI. Сэ жыгым и ныкъуэр скIуауэ, си лъакъуэр зэфIонэри мо псы утхъуам сыхохуэ. Уий, псы уэрым бетэмалу срихьэжьауэ сехь, сыщIигъанэм, сыкъыхихыжу, си лъакъуэр згъэувыну Iэмал лъэпкъ къызимыту. Сыгужьеящи, жьы жьэдэсшэну сопIащIэ, псым и зы Iуфэм – щIалэ цIыкIухэр, адреймкIэ Iэминатрэ Iэсиятрэ къожэ: «Залинэ, Залинэ!!!» – жаIэурэ кIийуэ. Псы фIейр си жьэм къыжьэдоуэ, сыувыну си къарур пэлъэщкъым. Апхуэдиз гужьеигъуэм сыздыхэтым дадэ и мэлыхъуэ башыр быдэу скъузырт. Джэрэзу псым сыздихьым, псым и бгъум Iут жыгышхуэм си нэр хуэзащ. Абы и лъабжьэхэр щIы щхьэфэм телът, псым къыхэзэрыхьаи хэту. ЗэрысщIари сщIэжкъым, баш сIыгъыр абы и лъабжьэм фIэзгъэнащи, сокIий: «Мурат, Iэминат, псынщIэу! Сырехьэх!» Си гъусэхэр къэсщ, бжэгъу кIыхь нашийри, абыкIэ псым сыкъыхахыжащ.

...Iэминатрэ Iэсиятрэ си гъусэу магъ, щIалэ цIыкIухэр гужьеящ: «ДаIэ, игъэузаIа?» – сызэпаплъыхь. Сэ си гур къихуным хуэдэу, сымыувыIэжыфу сыгът. Тэлай дэкIри, ди гур къызэрыгъуэтыжауэ, Исуф къызэупщIащ: «Залинэ, псым уихьами дадэ и башыр уутIыпщынутэкъэ?». Псори зэуэ деплъмэ, мэлыхъуэ башыр си Iэгум къузауэ илът, зэпысщIыкIыным хуэдэу!

Къэхъуар дадэрэ нанэрэ къедгъэщIакъым, дымыгъэгужьеин щхьэкIэ. Дыкъызэрысыжу Мурат баш кIапэм плъагъу къудейуэ цIыкIуу тридзащ а махуэр, мазэр, илъэсыр, сыкъызэрелам и фэеплъу.

«Фи мыхьэлу сыту фыщэху нобэ?» – жиIэу нанэ къыдэплъыырт а пщыхьэщхьэм. Сэ сегупсысырт: «Зэи зыри дызэмыIусэ башыр нобэ щхьэ къэсщтат? А пхъэ угъурлым сыкърегъэлын хуейуэ къыщIэкIынт!».

Куэд щIащ а махуэм лъандэрэ. СыблэкIыху, дадэ и гъуэлъыпIэ натIэм егъэкъуауэ кIэрыт мэлыхъуэ башым сыхуоплъэкI, пхъэ угъурлым гукIэ «Упсэу!» жесIэу.



**ZERO WASTE**
**ЩIЫУЭПСЫР ДОХЪУМЭ**

# ПХЪЭНКIИЙР АХЪШЭКIЭ КЪЫДОЩЭХУ

*(Сабийм я адэ-анэхэм, щIалэгъуалэм яхуэгъэзащ)*

*ЦIыху псоми тфIэфIщ дахэу зытхуэпэну, ауэ псори дыщыгъыныпсэкъым. Хэт зы фэилъхьэгъуэфI къищэхунщи, ар екIуу, тыншу, зэгъыу къилъытэмэ, жьы хъухукIэ зэрихьэнщ. Хэт и щыгъынищIэр зэ-тIэу зэрыщитIагъэу иужэгъунщи нэгъуэщI къищэхунщ, щыгъар хыфIидзэжынщ. Апхуэдэм адыгэр ауанышIу зэреджэр «щыгъыныкъуэ-щыгъыныпхъущ». Абыхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хохъуэ.*

## Щыгъыныпсэ

Щыгъыныпсэхэр кIуэ пэтми щхьэ нэхъыбэ хъурэ? Сабийми балигъми куэду яхэт хъуащ апхуэдэ цIыхухэр. Интернетым, тыкуэн сайтхэм, щыгъын зыд фирмэхэм я зэран куэду хэлъщ абы. Нэхъапэм «модэ» псалъэ закъуэрат щыгъыным ехьэлIауэ жаIэр,ар къызыфIэIуэхури мащIэ дыдэт. Иджы «бренд», «тренд», «топовэ» псалъэхэм я пщылI хъуащ куэдыр. ТIу зэрыцIыхумэ, я акъыл, щIэныгъэ зэрыщIэн и пэ,зыр зым зэпеплъыхьри,нэкIэ къещIэ ар «топовэу» хуэпарэ мыхуэпарэ, фэ ириплъынрэ Iупщ1э хуищIынрэ. Ар зэрыемыкIури яфIэIуэхукъым. Сыт атIэ апхуэдэ зэхущытыкIэм къишэр? Фирмэ цIэрыIуэхэм яд щыгъын лъапIэм ахъшэкIэ пэмылъэщыф щIалэгъуалэм къащэхуу щIадзэ абы я «подделкэр», щэкIри, дыкIэри,фирмэ дамыгъэхэри мыхьэнэншэу. (*Псоми къахуэщIэркъым атIэ ар фирмэ дыдэм ейрэ имейрэ*). Щыгъын пудыр тIэу-щэ зэрыщатIагъэу, зэ зэражьыщIу и фэр токI, фейцей мэхъури хыфIадзэж. Аргуэру къащэху-хыфIадзэж... щIэщыгъуэщIхэри мэтхъэж, а щыгъынхэр зыд-зыщэхэри фейдэм хоуныкI! ЩэкIыр нэхъ щIэх пхъэнкIийм хадзэжыху, ар къыщIэзыгъэкI, зыщэ тыкуэнхэм я фейдэм хохъуэ. Хилъафэр хэт? «Щыгъыныкъуэ-щыгъыныпхъукIэ» дызэджэ цIыхухэрщ. Абыхэм пхъэнкIийр ахъшэкIэ къащэхуу аракъэ?

Зыми закъевмыгъэгъапцIэ. Фэ вгъэдэлъ цIыхугъэм, акъылым, щIэныгъэм нэхърэ фи щыгъыныр нэхъ лъапIэкъым.

## Сыт тщIэн хуейр?

Фужэгъуа щыгъыныр иджыри зепхьэ хъунумэ занщIэу пхъэнкIийм фымыгъакIуэ. «Сэконд-хенд» тыкуэнхэр дэнэ щIыпIи щыщыIэщ, щыгъын тIорысэр пIахыу. Сабий унэхэр щыгуфIыкIынущ, щыгъыныр ягъэлэжьэжыху щызыгъэгъын цIыху къулейсызхэми ялъысмэ псапэщ икIи гуапэщ. ПхъэнкIий идзыпIэхэм щыгъыныжьу илъэс къэс хадзэжыр тонн мелуан 92-рэ мэхъу. Ар сытым хуэдэу гузэвэгъуэ!

***ХЪУЭКIУЭН Фатимэ***

*Экологием теухуа тхыгъэхэм къыпэджэжу **ZERO WASTE** хэт сабийхэм я гукъеуэ къытхуатхащ: «Мы гъатхэм псори дызыгъэгужьея уз зэрыцIалэм зыщиубгъуам, къэралу хъуам я дохутырхэм махуэ къэскIэ зэрахъуэкIа я «полиэтилен фащэхэр» куэд зэрыхъум, ахэр зэрыхыфIадзэм, щIым хэмыкIуэдэж пхъэнкIийм я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыхэхъуэм дегъэгузавэ».*













# ЖЫГ ТЕЛЪЫДЖЭХЭР



**СЕКВОЙЯ ПЛЪЫЖЬ.** Мы жыгыр гъэми-щӀыми зи щхъуантӀагъэр зымыхъуэж псей лӀэужьыгъуэщ, ауэ и цӀэр къызытехъукӀар и лъэдий плъыжьырщ. Америкэм и Калифорние къалэм и дамыгъэ лъапӀэщ **дуней псом щынэхъ лъагэ** мы жыгыр. Апхуэдэ жыг гъэщӀэгъуэнхэм цӀэ щхьэхуэ ират хабзэщ. 2006 гъэм Редвуд и лъэпкъ паркым къыщагъуэтащ Гиперион зыфӀащӀа секвойя жыгыр. Ар метр 115,5-рэ мэхъу. ЩӀэныгъэлӀхэм зэрыхуагъэфащэмкӀэ, мыр иджыри метр 30-кӀэ хэхъуэфынут, ауэ жыгыуӀу бзур зэран хуэхъуащ. Гиперионыр къыщыкӀ щӀыпӀэр цӀыхум кърагъэщӀэкъым, зэран хуэмыхъун папщӀэ.

**ГЕНЕРАЛ ШЕРМАН.** Гиперион зи цӀэ секвойя плъыжь жыгыр нэхъ лъагэ дыдэу ябжми, **мыр бгъуагъкӀэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ** секвойя дендрон абрагъуэщ. Жыгым и лъагагъыр метр 83,8, и лъэдийм и бгъуагъыр метр 25-м щӀегъу. Абы пхъэуэ хэлъым мафӀэдз миллиардитху къыхэкӀынущ. Мы жыгым «мамонтовое дерево» хужаӀэ, дунейм текӀуэдыкӀыжа пыл абрагъуэм и бжьэм мыбы и къуэпсхэр зэрещхьым къыхэкӀыу. ЩӀыуэпс къэхутакӀуэ Джеймс Уолвертон мы жыг лъэщым хуигъэфэщащ зыхуэлэжьа генерал щэджащэ Уильям Текумсе Шерман и цӀэр.





**МАФУСАИЛ УЭЗДЫГЪЕЙ.** Мыр 1953 гъэм Америкэ Ищхъэрэм и Инио лъэпкъ мэзым, тенджызыпсым щхьэщыкӀыу метр минищ зи лъагагъ бгылъэ щӀыпӀэм къыщигъуэтащ ботаник Эдмунд Шульман. Уэздыгъейм и ныбжьыр илъэс 4845-рэ ирокъу. Мафусаилыр къыщыкӀ щӀыпӀэр ябзыщӀ,ар хъума хъун папщӀэ. ЗэрыжаӀэмкӀэ, а Калифорние дыдэм и бгыху щӀыпӀэм нэгъуэщӀ зы уэздыгъей гъэщӀэгъуэни къыщагъуэтащ. Абы и ныбжьыр илъэс 5062 ирокъу. Ауэ зэкӀэ цӀэ иратакъым.















**БАНЬЯН АБРАГЪУЭ** жыгыр Индием, Шри-Ланка хытIыгум къыщокI. Ар и лъэпкъэгъущ унэм щагъэкI фикус удзым. А жыгыр апхуэдизкIэ инщи, мэз псо мэхъу, щIыуэ гектар 1,5-рэ еубыд. Баньяным и къудамэхэм лабжьэщIэ цIыкIухэр кIэрещIэ. Абы и нэхъыбэр щIым нэмысурэ мэгъуж, адрейхэр жыг лъэдийуэ щIым хокIэ. Псалъэм папщIэ, Индием и Хаурэ къалэм къыщыкI баньяным лъэдийуэ 3300-м щIигъу иIэщ, жыгыщхьэм и бгъуагъыр зы километр ирокъу. Дуней псом мыр нэхъ **щыжыгыбгъуэ** дыдэу ялъытэ.

**ДРАЦЕНЭ.** Индием щызекIуэ хъыбырхэм ящыщ зым къызэриIуатэмкIэ пасэ зэманым Сокотрэ хытIыгум щыпсэуащ благъуэ шынагъуэ. Абы пылхэр идыгъурт. Зэгуэрым пыл емынэ къытехуэри благъуэр щIипIытIащ. Мис а щIыпIэм къыщыкIа жыгхэм драценэ (благъуэ жыг) фIащащ. А жыгхэм я нэхъ жьы дыдэр, нэхъ телъыджэр Тенерифе (Канар хытIыгухэм ящыщщ) къыщокI. Абы «Илъэс мин зи ныбжь благъуэ» хужаIэ, ауэ илъэсищэ бжыгъэ хъуми аращ и ныбжьыр. Драценэм и лъагагъыр метр 22-рэ, и бгъуагъыр метри 10 мэхъу.





**БАОБАБЫР** лъагэкъым, ауэ егъэлеяуэ гъумщ. Зи лъэдийр метр 54,5-рэ и бгъуагъ Баобабыр **дуней псом щынэхъ гъумщ.** Ар ихуащ «Гиннес и тхылъым». Абы пхъэмыфым хуэдэу уэшхыпсыр зыщIеф,аращ гъум щIэхъури. ПсыкIэ нэпсейщи, баобабым и жыгыкур гъуанэ щыхъу щыIэщ. Инджылыз зекIуэлI цIэрыIуэ Дэвид Левингстон жиIэжауэ щытащ апхуэдэ жыг гъуанэм цIыхуу щэщI зэуэ ихуауэ. Зимбабве къэралым баобаб жыгыкум автостанцие, Ботсванэ – тутнакъ, Намибиеми – баня иращIыхьащ.

ЮАР-м щыIэ баобаб – шхапIэр гъэщIэгъуэнщ. Ар нэхъ **жыгыжь дыдэу** дунейм тетхэм ящыщщ илъэс миних хъууэ, и бгъуагъыр метр 33,4-уэ, и лъагагъыр метр 19-у.















**ПАНДО ЩИХУ.** Мыр дзэл жыгхэм я лъэпкъэгъущ. Щихухэм гъэщIэгъуэн куэд яхэтщ, щIыпIэ зэхуэмыдэ защIэхэми къыщокI, ауэ псыпцIэр яфIэфIкъым. Абыхэм ящыщщ США-м и Юта щIыпIэм къыщыкI Пандо щихур. Абы «абрагъуэ кIэзыз» щIыхужаIэм и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: ар щиху хуейщ (тополиная роща). Абы акр 106-рэ щIыуэ еубыд. Сурэтым щытлъагъу щиху жыгхэм я хьэлэмэтагъыр абыхэм я лъабжьэр псори зыуэ зэрыщытырщ. Аращ ар зы жыгыу щIалъытэр. А Пандо жыгым лъэдийуэ мин 47-рэ иIэщ, тонн миних я хьэлъагъыу. **Абы нэхъ жыг хьэлъэ дунейм теткъым**, и лъэхъцым и ныбжьыр илъэс мин 80 хъууэ ялъытэ.

**КIАРЦ.** Тенере къумым (Сахара) щIыуэ еубыд километр зэбгъузэнатIэу 400 000, и пшахъуэщIым я IувагъымкIи дуней псом щыпэрытщ. Мы гъунэншэ щIыпIэм зы жыг закъуэ къыщагъуэтат, ихъуреягъ километр щиплIым зы къэкIыгъи имыту. Абы илъэс щищ и ныбжьт. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ мэзыу щыта мы щIыпIэм и климатым зихъуэжащ, къелари а зы кIарц жыгырщ. Ар сатуущIхэм зыгъэпсэхупIэ яхуэхъуу щытащ.

Ауэ… 1973 гъэм а жыгыр кIуэдыкIей хъуащ. Къум кIарц жыг закъуэм хьэлъэзешэ машинэ жьэхэуэри ириудащ. Жыг угъурлым къела пхъэр Нигер и къэрал музейм щахъумэ, ар здита щIыпIэм а жыгым и гъущI фэеплъ щагъэувыжащ.





**ТАКСОДИУМ.** ШыкIуртIымщэху (кипарис) лIэужьыгъуэм ящыщщ, Мексикэм къыщокI. Абы «Монтесумэ и кипарискIэ» йоджэ. Жыгхэм я нэхъ ин дыдэр къыщыкIыр Мексикэм и къалэ цIыкIу Санта-Мария-дель-Тулерщ. Абы и бгъуагъыр метр 36,2, и лъагагъыр метр 35,4 мэхъу, и ныбжьыр илъэс 1500 ирокъу. Таксодиумым ГъащIэ жыгкIи йоджэ.

Мы сурэтым ит гъумыщIэр жыг зыбжанэу зэгуэкIауэ къэзылъытэ щыIэщ, ауэ ар зыуэ зэрыщытыр ДНК ящIри къахутащ. ГъэщIэгъуэныращи, мыбы и лъэдийм псэущхьэ зыбжанэм я сурэтхэр (пыл нэгъунэ) хэщIыхьауэ хэтщ.

Елэжьар ***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэщ.***
*ЕхъулIэныгъэхэм я Гиннес тхылъыр къигъэсэбэпащ.*













# Iуэрыlуатэм еlуатэ

Мы пшыналъэхэм хэт жыгыцIэхэр къыхэфтхыкI, зэвгъащIэ. Ахэр жыг угъурлыуэ адыгэм ялъытэу щытащ.

## Пхъэм и пшыналъэм щыщ пычыгъуэ

Сэ сышэдыгъуейщ *(черешня),*
Сэ сыкъуей мэзыжьщ *(къуэм дэт мэз),*
Сэ сытхуей щхьэкIэщ *(граб),*
Сэ сыкIей къабзэщ *(ясень),*
Сэ сыпхъэдакъэщ,
Сэ сыпхъэтыкъырщ.



## Ашэмэз и сабиигъуэм щыщ пычыгъуэ

ГущэлIу пхъашэ Ашэмэз цIыкIум
Выфэ гущэпсхэр еукъуэдий,
Лъэдийхэр нарту ешэщI,
ГущэщIэм и бжей (бук) натIитIыр Iуещ|ыкI,
КIей (ясень) быдэу и гущэбашыр
Шхий цIыкIуу къызэпещIыкI,
КIапсэшхуэу зэрыхэпхари
Зегъэпщри, къызэпеуд…

## Батэрэз и сабиигъуэм щыщ пычыгъуэ

Iэнейм *(клен)* и быдэхэр и гущэнатIэщ,
Чэщейм *(самшит)* и къабзэр и гущэдзажэщ,
Бланэ тхыцIафэр а зи гущэпсу
Шамбырым *(бамбук)* и дахэр зи гущэбашщ…

*МЫСАЧЭ Мурат*

# ДЖЭГУАКIУЭМРЭ ШЕЙТIАНЫМРЭ

*(комикс)*










А кумбым уэшх ишхэурэ гуэл хъуащ. Лӏэщӏыгъуэ куэд дэкӏащ абы лъандэрэ, цӏыхури цӏыху хъуащ.
...Мо гуэлым мафӏэ цӏуу къыщыблэу слъэгъуащи ар зищӏысыр къэсщӏэну сыхуейщ.
Хьэуэ, а гуэлым ухыхьэ хъунукъым. Абы лъащӏэ имыӏэу, жинхэр щыпсэууэ жаӏэ.
Атэлыкъымрэ быф адэмрэ.
Ухэмыхьэ, ухэкӏуэдэнщ!
Уэ есыкӏэ фӏыуэ сэбгъэщӏащ. Сакъыу сесыхынщ.
Ӏэджэрэ есыхащ, ауэ и лъащӏэм нэмысыфу къыдэкӏуеижащ. Иужьым мывэ джей къыщтэри аргуэру гуэл лъащӏэр къилъыхъуэну есыхащ.




Уа-а-а, мыр «Псыхъуэгуащэ»?.. Хьэмрэ «Псыхъуэнанэ»?..


Сыту куэдрэ укъэта?! Уэ мы гуэлым ухэкIуадэмэ сэ анэмэту укъызэзыта уи адэ-анэм сытыт яжесIэнур?!
Сэ Псыхъуэгуащэ слъэгъуащ. Абы къызитащ мы нэкъырэр. Иджыпсту сепщэнти.


Ей, хьэтыр уиIэмэ, увыIэ! Мыр мэгъу нэкъырэщ, плъэмыкIыу укъегъафэ.


Иджы уи унэ утшэжыну и чэзу хъуащ, щlалэ, сэ сщlэуэ хъуам ухуезгъэсащ.
Хьэуэ, сэ унэм сыкlуэжынукъым. Джэгуакlуэу дунеяплъэ сежьэнущ.
– Атlэ, си пхъум пхуида ажэгъафэ пыlэр къащтэ, си шы табынми узэхъуапсэр къыхэх.
Шы табыным къахихщ шыщlэ фаджэ цlыкlуи, щlалэр дунеяплъэ ежьащ.


Шейтlаным и быдапlэжьыр lуащхьэ фlыцlэм тетт. Абы шууищ екlуэлlащ я lэщэ-фащэ зэщlэузэдауэ.


– Ей, емынэр зи унэ ихьэн Шейтlан, къыщlэкl! Дэ удукlыну дыкъэкlуащ!
– Фыкъеблагъэ, хьэщlэ махуэхэ! Тlэкlу зывгъэпсэху. Итlанэ хуиту дызэпсэлъэнщ.




КъыкӀэлъыкӀуэнущ

Адыгэм и псэм хуихьу илъагъуурт жыгыр. Абы тхыдэр щыхьэт тохъуэ. Ди лъэпкъ къудамэхэми щхьэж езым и жыг нэхъ игъэлъапIэ иIэжу щытауэ дыщыгъуазэщ. Къэбэрдейм и жыгыр КъэдабэщихукIэ дызэджэрщ (Сострэч). Ар къэбэрдей цIыхум ирагъэщхьу псыгъуэ зэкIуж лъагэщ икIи пагафэщ, уаеми сытхъуми щымышынэу.

*АБРОКЪУЭ Беллэ*



## КЪЭДАБЭЩИХУР КЪЫЗОIУЩАЩЭ

*Си къэдабэщихур*
*Щэхуу жьым къегъафэ,*
*Фащэ фэхуу пихыр*
*Хурсэу уэм хосыхь,*
*Уэсу щиху къэдабэр*
*Си щхьэм къытощащэ,*
*Щабэу и «уэс хуабэм»*
*Бахъэу сыхоткIухь…*

*Тхьэмпэ дыжьыныхукIэ*
*Щихур къызопсалъэ,*
*Псалъэу къиIущэщыр*
*Псатхуэм къыщоуш:*
*«Напэм и пэ уи псэр*
*Уэ игъэщ, си гуащэ».*
*Щихум и пшыналъэр*
*Лъахэм щодэущ...*






*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 6 2020 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 10.05.2020 г.
Выход в свет 29.06.2020 г.
Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2074 экз.
Заказ № 1165
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.



Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.